

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan medar ngeunaan média video dina pangajaran nulis sajak, anu diayakeun di SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan Jawa Barat. Dumasar kana panalungtikaan awal, tétéla yén anu jadi bangbaluh dina pangajaran nulis nyaéta siswa ngarasa hésé diajar basa Sunda, utamana dina pangajaran nulis sajak, jeung kurangna minat siswa kana pangajaran nulis, utamana nulis sajak, sarta masih loba guru anu ngajarna masih tradisional jeung tara maké média pangajaran anu ngabalukarkeun siswa can bisa mekarkeun ide jeung daya imajinasina.

Dumasar analisis jeung napsirkeun data, tétéla yén kamampuh nulis sajak saméméh maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan kagolong can mampuh, kalayan rata-rata peunteunna 46,67. Kamampuh nulis sajak saméméh maké média video dina aspék téma, diksi, imajinasi, jeung rasa kagolong kurang, ari dina aspék majas kagolong kurang pisan.

Kamampuh nulis sajak sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan kagolong mampuh, kalayan rata-ratana peunteunna 70,93. Kamampuh nulis sajak sabada maké média video dina aspék téma kagolong alus, aspék diksi, imajinasi, jeung rasa kagolong cukup/basajan, ari dina aspék majas kagolong kurang.

Aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan, anu kabukti tina hasil uji hipotésis ngahasilkeun  $t_{itung}$  (11,16) >  $t_{tabéł}$  (2,46). Ieu hal nuduhkeun yén média video bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak sacara signifikan siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014.

## 5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan média video dina pangajaran nulis sajak, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun ku panalungtik, di antarana ieu di handap.

- 1) Média video geus kabukti bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014. Ku kituna, dipiharep média video bisa jadi média alternatif, hususna dina pangajaran nulis sajak, umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Guru dipiharep bisa maké média video dina pangajaran nulis sajak, sangkan siswa ngarasa teu bosen dina pangajaran nulis sajak, sangkan daya imajinasi siswa bisa karangsang, sarta bisa leuwih kréatif dina ngébréhkeun jeung ngamekarkeun idena ngaliwatan sajak.
- 3) Ieu panalungtikan ngeunaan média video dina panagajaran nulis sajak téh diayakeun di SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan anu leuwih hadé tur leuwih daria.